

## ENSRIKSYON SOU JESYON MEDIKAMAN POU OPERASYON ANDOSKOPIK

### ANTIKOWAGILAN

- Nou rtekòmande w pou w sispann pran antikowagilan avan kèk operasyon pou evite risk emoraji, men **ou dwe pale avèk PCP ou a oswa kadyològ ou an pou w konnen si li san danje pou ou si w sispann pran medikaman sa yo tanporèman.**

**Rekòmandasyon** (Si ou ap pran swen nan yon Klinik Antikowagilan, tanpri kontakte founisè ou an pou w kapab jwennn èd):

Coumadin (warfarin)	Sispann pran li 5 jou avan operasyon an
Xarelto, Eliquis, Savaysa, Pradaxa	Sispann pran yo 2 jou avan operasyon an
Lovenox (enoxaparin), Fragmin (dalteparin)	Sispann pran yo 1 jou avan operasyon an
Aspirin	Pa sispann
Plavix (clopidogrel), Effient (prasugrel), Ticlid (ticlodipine), Brilinta (ticagrelor)	Sispann pran yo 5-7 jou avan operasyon an; pou Ticlid sispann pran li 1-2 semèn avan – <b>Ou dwe verifye sa avèk kadyològ ou a oswa avèk medsen tretan ou an avan!</b>

### MEDIKAMAN POU MOUN KI DAYBETIK

- Ajiste medikaman dyabèt ou yo ka nesèsè pou evite to glisemi ki twò BA pandan ou ap jene a nan jou operasyon ou an.
- Pale ansanm avèk PCP oswa Andokrinològ (medsen espesyalis nan kad maladi dyabèt) ou an si ou bezwen èd pou w ajiste medikaman ou yo avan operasyon ou an.

**Rekòmandasyon:**

Isulin ki aji lantman oswa ki prepare davans	Pran ½ nan dòz abityèl ou an yon jou avan operasyon ou an
Konprime oral pou dyabèt (egzanp. Glipizide, metformin)	Pa pran yo nan mate avan operasyon an
Tretam avèk ponp Insulin	Pale avèk Andokrinològ ou an
SLGT2 inhibitors (ki fini avèk “-flozin”): Invokana, Farxiga, Jardiance	Sispann pran yo 3-4 jou avan operasyon an. Pale avèk Andokrinològ ou an
Antagonis reseptè yo GLP-1 (ki fini avèk “-tide”): Rybelsus, Trulicity, Ozempic, Victoza, Mounjaro, Wegovy	Si ou ap pran li chak jou, pa pran li nan <b>jou operasyon ou an.</b> Si ou ap pran li yon fwa chak semèn, <b>sispann paran li 1 semèn avan operasyon an</b>

### MEDIKAMAN POU PÈDI PWA

- Medikaman pou pèdi pwa GLP1 yo kapab ralanti lestomak ou, sa ki kapab ogmante risk pou yo aspire sa ki nan lestomak ou yo pandan operasyon an. **Rekòmandasyon:** Konsilte tablo sa a ki anba a si ou ap pran yon Antagonis reseptè GLP-1 (non an fini avèk “-tide”) -**pa pran medikaman sa a pandan 1 semèn avan operasyon w lan**

### MEDIKAMAN POU TANSYON

- Li enpòtan pou medikaman tansyon ou yo sou bon kontwòl nan jou operasyon w lan.
- Si tansyon w wo anpil nan jou operasyon w lan, yo ka anile li epi repwograme li pou rezon sekirite.
- Pran tout medikaman abityèl ou yo, menm avan jou ak nan jou operasyon w lan.**

### KONPRIME FÈ

- Si ou genyen randevou pou yon KOLONOSKOPI: Sispann pran konprime fè yo **1 semèn** avan randevou ou an